

Lògèy ak Prètriz la

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

***Lògèy se yon switch ki etenn pouvwa Prètriz la. Imilite se switch ki limen li.***

Chè frè m yo, mèsi dèské nou rasanble toupatou nan mond lan pou sesyon konferans jeneral Prètriz sa a. Prezans nou montre angajman nou pou kanpe, kèlkeswa kote nou ye, avèk frè nou yo ki detni sent Prètriz la, epi sèvi ak onore Senyè ak Redanmtè nou an, Jezikri.

Souvan nou mezire lavi nou pa evenman ki kite anprent yo nan lespri nou ak kè nou yo. Gen anpil kalite evenman sa yo nan lavi mwen, youn nan yo te rive an 1989 lè m te tandem yon diskou Prezidan Ezra Taft Benson, “mefye nou de lògèy.” Nan entwodiksyon an li te note ke sijè sa a te peze lou sou nanm Prezidan Benson pandan kèk tan.<sup>1</sup>

M te santi yon fado konsa pandan mwa k sot pase yo. Enspirasyon Sentespri a pouse m pou m ajoute vwa mwen antanke yon lòt temwen sou mesaj Prezidan Benson nan ki te delivre sa gen 21 an an.

Chak moun mòtlè gen omwen yon relasyon konsa konsa si se pa entim avèk peche lògèy la. Okenn moun pa evite li; se tikras moun ki simonte li. Lè m te di madanm mwen ke sa se t ap sijè diskou m nan, li te souri epi l te di: “Li si bon pou w pale sou bagay ou sitèlman byen konnen.”

**Lòt siyifikasyon lògèy**

M sonje yon efè segondè enteresan diskou konsekan Prezidan Benson nan te genyen. Pandan yon sèten tan li te vin prèske inakseptab pami manm Legliz yo pou di ke yo te “fyè” pou pitit yo oswa pou peyi yo oubyen ke yo te gen “fyète” pou travay yo. Mo “ògèy” la te sanble l te efase nan vokabilè nou.

Nan ekriti yo, nou jwenn pakèt egzant sou bon moun jis ki rejwi nan lajistis epi an menm tan pran glwa nan bonte Bondye. Papa nou ki nan Syèl la te prezante Pitit Gason Byeneme l la avèk pawòl sa yo: “se nan li m pran plezi.”<sup>2</sup>

Alma te pran plezi nan panse ke li sete “yon enstriman nan men Bondye.”<sup>3</sup> Apot Pòl te pran plezi nan fidelite manm Legliz yo.<sup>4</sup> Gwo misyonè Amon te glorifye nan siksè li menm ak frè l yo te rankontre antanke misyonè a.<sup>5</sup>

Mwen kwè ke gen yon diferans ant fyè pou kèk bagay ak gen lògèy. Mwen fyè pou anpil bagay. Mwen fyè de madanm mwen. Mwen fyè de pitit mwen ak pitit mwen yo.

Mwen fyè de jèn yo nan Legliz la, e mwen rejwi nan bonte yo. Mwen fyè de nou, chè frè fidèl mwen yo. Mwen fyè pou m kanpe zepòl kont zepòl avèk nou antanke detantè Sent Prètriz Bondye a.

**Lògèy se peche “kwè nan tèt”**

Konsa ki diferans ki genyen ant kalite santiman sa a ak ògèy Prezidan Benson te rele “peche inivèsèl” la<sup>6</sup> Lògèy se peche, jan Prezidan Benson te si memorabman anseye a paske li kreye rayiman oswa ostilite epi li mete nou an opozisyon avèk Bondye ak pwochen nou. Pa nati li, lògèy se yon peche konparizon, paske li abityèlman kòmanse avèk : “Gade kijan mwen ekstraòdinè ak ki gwasè bagay mwen fè”, e li toujou sanble fini avèk : “Se poutèt sa, mwen pi bon pase w.”

Lè kè nou ranpli ak lògèy, nou komèt yon peche grav, paske nou vyole de gwo kòmandman.<sup>7</sup> Olye nou adore Bondye ak renmen pwochen nou, nou revele vrè objè adorasyon nou ak lanou nou an---imaj nou wè nan glas la.

Lògèy se gwo peche ‘kwè nan tèt’. Pou anpil moun, li se yon Rameyanmtòm pèsonèl, yon estrad ki sen ki jistifye lanvi, avidite, ak vanite<sup>8</sup> Nan yon sans, lògèy se peche oriijinal la, paske anvan fondasyon tè sa a, ògeye Lisifè, pitit gason maten an, “ki te pouse desann soti nan prezans Bondye.”<sup>9</sup> Si lògèy kapab kowonp yon moun osi kapab ak pwomèt tankou li, èske nou pa ta dwe egzamine nanm nou nou menm tou?

### **Lògèy gen anpil fas**

Lògèy se yon kansè mòtèl. Se yon peche ki mennen nan yon kantite lòt feblès imen. Anfèt, nou kapab di ke tout lòt peche, pa nati, se yon manifestasyon lògèy.

Peche sa a gen plizyè fas. Li pouse kèk moun pou pran plezi nan pwòp konfyans nan tèt, akonplisman, talan, richès, oswa pozisyon yo. Yo konte benediksyon sa yo antanke prèv ke yo “chwazi”, yo “siperyè”, oswa “pi dwat” pase lòt moun. Sa se peche “Gras a Dye mwen pi espesyal pase ou.” Nan rasin ni, gen dezi pou yo admire ou oswa anvye ou. Se peche glorifikasyon tèt.

Pou lòt moun, lògèy vin tounen lanvi: yo gade moun ki nan pi bon pozisyon, ki gen plis talan, oswa pi gwo byen pase yo avèk amètim. Yo chèche blese, diminye, ak kraze lòt moun nan yon tantativ evalyasyon tèt ki pa diy. Lè moun yo anvye yo tonbe oubyen ap soufri, yo rejwi andedan yo.

### **Laboratwa Espò a**

Petèt pa gen pi bon laboratwa pou obsève peche lògèy pase nan mond espò a. M toujou renmen patisipe ak ale nan aktivite espòtif. Men mwen konfese ke gen moman kote mank koutwazi nan espò yo anbarasan. Kijan kretyen vivan ki nòmalman janti ak plen konpasyon kapab si entoleran ak ranpli rayiman konsa anvè ekip advès la ak fanatik li yo?

Mwen konn gade fanatik espò k ap pale rival yo mal epi lakoz mechanste parèt. Yo chèche tout ti fot epi yo agrandi li. Yo jistifye rayiman yo a avèk gwo jeneralizasyon epi yo aplike yo a tout moun ki asosye avèk ekip la. Lè malchans frape rival yo, yo rejwi.

Frè m yo, malerezman nou twò souvan wè menm kalite atitud ak konpòtman sa a afekte diskou piblik sou politik, ras, ak relijyon.

Chè frè m yo nan Prètriz la, konpayon disip byeneme m yo pou Kris janti a, èske nou pa ta dwe kenbe tèt nou nan yon pi wo nivo? Antanke detantè Prètriz, nou dwe reyalize ke tout pitit Bondye yo abiye avèk menm kalite mayo a. Ekip nou se fratènite lòm. Lavi mòtèl la se teren jwèt nou. Gòl nou se aprann renmen

Bondye ak etann menm lanmou sa a bay frè nou yo. Nou la a isit la pou n viv selon lwa pa li ak etabli wayòm Bondye a. Nou la a pou bati, edifye, trete moun egal, ak ankouraje tout pitit Papa nou ki nan Syèl la.

### Nou pa dwe kite sa monte tèt nou

Lè m te aple kòm Otorite Jeneral, m te gen chans pou m te fòme pa anpil nan Frè k te grandèt mwen nan Legliz la. Yon jou, m te gen opòtinite pou m te kondui Prezidan James E. Faust ale nan yon konferans pye. Pandan èdtan nou te passe nan machin nan, Prezidan Faust te pran tan pou anseye m kèk prensip enpòtan nan tach mwen. Li te eksplike m kijan mamm Legliz yo koutwa tou, espesyalman anvè Otorite Jeneral yo. Li te di: "Y ap trete w avèk jantiyès. Y ap di anpil bagay janti sou ou." Li te souri epi l te di; "Dieter, se pou w rekonesan pou sa. Men pa janm kite l monte nan tèt ou."

Sa se yon bon lesion pou nou tout, frè m yo, nan nenpòt apèl oswa sitiyasyon lavi. Nou gen dwa rekonesan pou sante nou, richès nou, posesyon nou, oswa pozisyon nou, men lè nou kòmanse kite l monte nan tèt nou--lè nou kòmanse obsede pa pozisyon nou; lè nou fokis sou pwòp enpòtans pa nou, pouvwa nou oswa repitasyon nou; lè nou chita sou sa lòt moun panse de nou epi nou kwè sa lòt moun ap di sou nou---se lè sa a pwoblèm kòmanse; se lè sa a lògèy kòmanse gate nou.

Gen anpil avètisman sou lògèy nan ekriti yo, "Moun awogan yo toujou ap pouse dife: men moun ki koute konsèy, se moun ki saj."<sup>10</sup>

Apot Pyè te avèti ke: "Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy. Men moun ki soumèt devan l, li ba yo favè."<sup>11</sup> Mòmon te eksplike: "Pèsonn pa akseptab devan Bondye, eksepte si li dou e gen bon kè poze."<sup>12</sup> Epi, entansyonèlman, Senyè a chwazi "moun lèzòm konsidere tankou moun sòt pou l fè grannèg yo wont."<sup>13</sup> Senyè a fè sa pou montre ke men li nan travay li a, poutèt pou nou pa "kwè nan bra lachè."<sup>14</sup>

Nou se sèvitè Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri. Yo ba nou Prètriz la pou nou kapab resewwa elòj ak savoure yo. Nou la pou nou twouse manch nou pou n al travay. Nou pa anwole nan yon tach òdinè. Nou aple pou prepare mond lan pou vini Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri. Nou pap chècje pwòp onè pa nou men nou bay Bondye louwanj ak glwa. Nou konnen ke kontribisyon nou kapab fè poukont nou yo piti; men, lè nou egzèse pouvwa Prètriz la nan lajistis, Bondye kapab fè yon gwo travay mèveye sòti atravè efò nou. Nou dwe aprann, jan Moyiz te aprann nan, ke "Lòm pa anyen" an limenm<sup>15</sup> men "avèk Bondye tout bagay posib."<sup>16</sup>

### Jezikri se egzanp imilite pafè a

Nan sa, menmjan nan tout bagay, Jezikri se egzanp pafè nou. Pandan ke Lisifè te eseye chanje plan sali Papa a pou l ka jwenn onè pou tèt pa li, Sovè a te di: "Papa, se pou volonte ou fêt, epi se pou ou laglwa pou tout tan gen tan."<sup>17</sup> Malgre kapasite ak akonplisman ekstraòdinè li, Sovè a te toujou rete dou ak enb.

Frè m yo, nou detni "Prètriz Sen an, dapre lòd Pitit Gason Bondye a"<sup>18</sup>. Se pouvwa Bondye bay lòm sou tè a pou aji pou li. Pou nou ka egzèse pouvwa sa a, nou bezwen eseye vin menmjan ak Sovè a. Sa vle di ke nan tout bagay nou dwe chèche fè volonte Papa a, menmjan Sovè a te fè.<sup>19</sup> Sa vle di ke nou bay Papa a tou glwa, menmjan Sovè a te fè.<sup>20</sup> Sa vle di ke nou lage tèt nou nan sèvis lòt moun, menm jan Sovè a te fè.

Lògèy se yon switch ke etenn pouvwa Prètriz la.<sup>21</sup> Imilite se switch ki limen li.

## **Se pou nou enb ak plen lanmou**

Konsa, kijan nou ka simonte peche lògèy sa a ki si kouran ak si domajan konsa? Kijan nou kapab vin pi enb?

Li prèske enposib pou nou gonfle ak lògèy lè kè nou plen charite. “Okenn moun pa ka ede nan travay sa a si l pa enb ak ranpli lanmou.”<sup>22</sup> Lè nou wè mond lan n ap viv la atravè linèt amou pi Kris la, nou kòmanse konprann imilite.

Gen moun ki panse ke imilite vle di kilpabilize tèt nou. Imilite pa vle di konvenk tèt nou ke nou pa diy, ke nou ensiyifyan, oswa nou pa gen valè. Ni sa pa vle di renye oubyen sere talan Bondye ba nou yo. Nou pa dekouvri imilite nan mete tèt nou mwens pase lòt; nou dekouvri imilite nan panse mwens sou nou menm. Li vini lè nou kontinye travay avèk yon atitud pou n sèvi Bondye ak pwochen nou.

Imilite dirije atansyon nou ak lanmou nou vè lòt moun ak vè objektif Papa nou ki nan Syèl la. Lògèy fè opoze a. Lògèy tire enèji li ak fòs li nan basen pwofon egoyis. Nan moman menm nou sispann konsantre sou tèt nou epi nou lage kò nou nan sèvis, lògèy diminye e li kòmanse mouri.

Chè frè m yo, gen anpil moun ki nan bezwen, ke n ka panse avèk yo olye de tèt nou. E tanpri, pa janm blyie pwòp fanmi nou, pwòp madanm nou. Gen anpil fason nou kapab sèvi. Nou pa gen tan pou n vin absòbe pa nou menm.

Yon fwa mwen te gen yon plim mwen te renmen itilize pandan karyè m kòm kapitèn avyon. Nan senpleman vire tèt la, m te ka chwazi youn nan kat koulè 1 te genyen yo. Plim nan pa t plenyen lè m te vle itilize wouj olye de ble. Li pa t di m “M ta prefere pa ekri apre 10 zè diswa, nan gwo bwouya, oswa nan altitud byen wo.” Plim nan pa t di: “Itilize m sèlman pou dokiman enpòtan, non pa pou tach òdinè chak jou yo.” Avèk anpil konstans li te akonpli chak tach mwen te bezwen, kèlkeswa jan yo te enpòtan oswa ensiyifyan. Li te toujou prè pou sèvi.

Nan menm fason an, nou se zouti nan men Bondye. Lè kè nou nan bon kote a, nou pa plenyen ke tach yo mande nou an pa diy de kapasite nou. Nou kontan sèvi kèlkeswa kote yo mande nou. Lè nou fè sa, Senyè akapab itilize nou nan fason ki depase konpreyansyon nou pou akonpli travay li.

Kite m fini avèk pawòl mesaj enspire Prezidan Ezra Taft Benson nan sa gen 21 an pase a:

“Lògèy se gwo obstak pou Siyon.

“Nou dwe lave vaz enteryè nou nan simonte lògèy.<sup>23</sup>

“Nou dwe soumèt nou anba “enflyans Sentespri a” ‘retire moun natirèl la’ ògeye a, vin tounen yon sen pa mwayen Ekspyasyon Kris la, Senyè a’, epi vin tankou yon timoun obeyisan, dou, enb.’

“Bondye ap fè yon moun enb .... ‘Beni se moun ki imilye tèt yo san yo pa fòse yo pou yo enb.’<sup>24</sup>

“Annou chwazi pou nou enb. Nou kapab fè sa. M konnen nou kapab.”<sup>26</sup>

Frè byeneme m yo, annou suiv egzant Sovè nou an pou nou lonje lamen pou sèvi olye n ap chèche lwanj ak onè lèzòm. Priyè mwen se pou nou rekonèt ak derasinèn lògèy nan kè nou epi pou nou ranplase li pa “ladwati, bonte, lafwa, lanmou, pasyans [ak] dousè.”<sup>27</sup> Nan non sakre Jezikri, amèn

## Nòt

1. Gade Ezra Taft Benson, “Beware of Pride,” *Ensign*, May 1989, 4.
2. 3 Nefi 11:7.
3. Alma 29:9.
4. Gade 2 Tesalonisyen 1:4.
5. Gade Alma 26.
6. Ezra Taft Benson, *Ensign*, May 1989, 6.
7. Gade Matye 22:36–40.
8. Gade Alma 31:21.
9. Doktrin ak Alyans 76:25.
10. Pwovèb 13:10.
11. 1 Pyè 5:5.
12. Mowoni 7:44.
13. 1 Korentyen 1:27.
14. Doktrin ak Alyans 1:19.
15. Moyiz 1:10.
16. Matye 19:26.
17. Gade Moyiz 4:1–2.
18. Doktrin ak Alyans 107:3.
19. Gade Jan 8:28–29.
20. Gade Jan 17:4.
21. Gade Doktrin ak Alyans 121:34–37.
22. Doktrina ak Alyans 12:8.
23. Gade Alma 6:2–4; Matye 23:25–26.
24. Mozya 3:19; gade Alma 13:28 tou.
25. Alma 32:16.
26. Ezra Taft Benson, *Ensign*, May 1989, 6–7.
27. 1 Timote 6:11.